

ANSÈYMAN KRIS YO

Ansèyman Jezikri yo ki nan Bib la te depi lontan yon sous enspirasyon pou limanite. Gen ansèyman anplis sou Sovè a nan yon liv ekriti ki se konpayon Bib la—Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri. Yo ap pote lapè ak bonè dirab pou ou pandan y ap ba ou direksyon enspire pou lavi ou.

Pou resevwa, gratis, kopi pa ou sou Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj sou Jezikri, vizite adrès elektronik ki site pi ba a oubyen ekri:

LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO
www.mormon.org

TEMWAYAJ PWOFE JOSEPH SMITH LA

Legliz Jezikri
pou Sen Dènye Jou yo



Joseph Smith: Yon Pwofèt Bondye

Lè Joseph Smith te gen 14zan, li te anvi konnen nan ki legliz pou l te antre, konsa li te mande Bondye nan lapriyè sensè. Kòm repons priyè sa, Bondye Papa a, ak Pitit Gason l lan Jezikri, te parèt devan Joseph epi yo te di li vrè Legliz Jezikri a pa t sou tè a epi yo te chwazi li menm, Joseph, pou retabli li.

Apati jou sa a, Joseph te travay nan sèvis Bondye, travay pou l te tabli Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo epi pou bati wayòm Bondye a sou tè a nan dènye jou yo. Manm fidèl legliz la temwaye ke Jezikri se Sovè ak Redanmètè mond lan. Jezi ap dirije legliz li a jodi a atravè revelasyon l ap bay yon pwofèt sou tè a. Joseph Smith te yon pwofèt konsa. Malgre Joseph reyalize anpil bagay pandan lavi li,



Pandan l ap deside nan ki legliz pou l te antre, Joseph te ale nan li Bib la pou l te jwenn gidans. La li te li: "Mande Bondye."

pi enpòtan an sete angajman li kòm yon disip ak temwen Jezikri. Li te ekri: "Aprè tout temwayaj yo rann sou li, men temwayaj la, dènye nan tout la, ke nou bay sou li: Li vivan!" (D&A 76:22).

Moun ki resevwa temwayaj Pwofèt la pa pouvwa Sentespri a ap konnen verite travay li te aple pou l fè a. Yo kapab konnen tou lapè ak bonè ki vini atravè Sovè a, Jezikri, ke Joseph Smith te adore epi sèvi a.

Ki Legliz ki vrè?

Joseph Smith te fèt an 1805 nan Sharon, Vermont. Nan moman resi sa a kòmanse a, li te gen katòzan, li t ap viv avèk fanmi li nan Nouyòk, epi li t ap chèche sensèman nan ki legliz pou l te antre. Sa nou pral rakonte la a se eksperyans Joseph, li te ekri nan pwòp mo pa li.

Pandan tan gwo eksitasyon sa a lespri mwen te antre nan gwo refleksyon ak dout.... Mwen te souvan ap mande tèt mwen: Kisa pou m fè? Kiyès nan tout gwoup relijye sa yo ki gen rezon? Oubyen èske yo tout ansanm nan lerè? Si gen youn nan yo ki gen rezon, kiyès li ye, epi kijan m ap fè konnen?

Pandan mwen t ap redi anpil anba gwo pwoblèm chirepit nan mitan bann fanatik relijye sa yo te lakòz, yon jou, mwen te li Epit Jak la, premye chapit la vèsè 5, ki di: "Si yon moun pami nou manke konesans, se pou li mande Bondye, ki bay tout moun san mezire epi pou granmesi; epi Bondye va ba li li."

Pa te janm gen yon pasaj ekriti ki te touche kè yon nonm avèk plis puisans pase jan pasaj sa a te touche pa mwen nan moman sa a. Li te sanble rantre avèk anpil fòs nan tout nannan kè mwen. Mwen te reflechi sou li san rete, mwen te konnen si gen yon moun ki te bezwen konesans nan men Bondye, se te mwen menm;

paske mwen pa te konnen kisa pou m te fè, epi, si mwen pa ta resevwa plis konesans pase jan mwen te genyen nan moman an, mwen pa t ap janm konnen; paske pwofesè relijyon yo nan pakèt legliz yo chak te konprann menm pasaj nan ekriti yo si diferan ke sa te detwi tout konfyans pou regle kesyon an nan fè apèl ak Bib la.

Finalman, mwen te rive nan konklizyon ke mwen te dwe: oubyen rete nan tenèb ak konfizyon, oubyen suiv konsèy Jak la, kidonk, mande Bondye. Mwen te deside finalman pou m te “mande Bondye”, paske mwen te konkli ke si li bay konesans ak moun ki pa gen konesans, epi si li bay san mezire, pou granmesi, mwen pral eseye.

Premye Vizyon Joseph Smith la

Dapre detèminasyon mwen pou m te mande Bondye, mwen te ale nan yon forè pou m te tante eksperyans la. Sete yon maten yon bèl jou klè, nan kòmansman prentan ane mil uisan



ven. Sete premye fwa nan lavi m mwen t ap eseye fè yon bagay konsa, paske nan mitan tout sousi mwen yo mwen pa te janm eseye priye ak vwa fò.

Aprè mwen te ale kote mwen te gen nan tèt pou m te ale a, voye je gade toupatou, epi wè m te poukont mwen, mwen te mete ajenou epi mwen te kòmanse di Bondye dezi kè mwen. Mwen te apèn kòmanse lè imedyatman yon puisans te anvayi mwen, ki te domine m totalman, epi ki te gen yon enfluyans si etonan sou mwen ke lang mwen te mare, konsa mwen pa t ka pale. Gwo

tenèb te antoure mwen, epi pandan yon ti moman sete tankou mwen te santi m kondane pou m detwi sibitman.

Men mwen te deplwaye tout fòs mwen pou m te mande Bondye pou l delivre mwen anba puisans lènmi sa a ki te anvayi m nan. Epi nan moman egzak mwen ta pral plonje nan dezespwa epi abandone mwen bay destriksyon an—non pa yon destriksyon imajinè, men puisans yon moun reyèl nan mond envizib la, ki te gen yon puisans etonan jan mwen pa t janm konn santi anvan nan okenn moun. Men nan moman gwo panik sa a menm, mwen te wè yon kolòn limyè egzakteman anlè tèt mwen, ki te pi klere pase solèy la, ki t ap desann sou mwen, ti kal pa ti kal jiskaske li te tonbe sou mwen.

Apèn li te parèt mwen te santi mwen te delivre anba lènmi ki te mare m nan. Lè limyè a te rive poze sou mwen mwen te wè

*Youn nan
yo . . . te di,
pandan l t ap
montre lòt la
avèk dwèt li —
“Men Pitit
Gason Byeneme
m nan. Koute li!”*



de Pèsonaj, ekla yo ak glwa yo depase tout deskripsyon, ki te kanpe anlè tèt mwen nan lè a. Youn ladan yo te pale avèk mwen, li te rele m pa non mwen epi li te di, pandan li t ap montre m lòt la avèk dwèt li—“Sa se Pitit Gason Byeneme m nan. Koute li!”

Objektif mwen, lè m te ale mande Senyè a, sete pou m te konnen kiyès nan tout sèk sa yo ki te gen rezon, pou m te ka antre ladan li. Konsa, lamenm mwen te vin rejwenn kontwòl tèt mwen epi m te ka pale, mwen te mande Pèsonaj yo ki te kanpe anlè tèt mwen nan limyè

a, kiyès nan sèk relijye yo ki te gen rezon (paske nan moman sa a mwen pa t janm panse ke yo tout te nan erè)—epi nan kiyès pou m te antre.

Yo te reponn mwen pou m pa antre nan okenn nan yo, paske yo tout te nan erè; epi Pèsonaj ki te pale avèk mwen an te di ke tout kredo yo sete yon abominasyon nan je li; ke pastè sa yo tout te kowonpi; ke: “Yo pwoche kote mwen avèk bouch yo, men kè yo lwen mwen, yo anseye pou doktrin kòmandman lèzòm, ki gen yon fòm pyete, men yo nye puisans la.”

Li te defann mwen ankò antre nan okenn nan yo; epi li te di m anpil lòt bagay, ke mwen pa ko ka ekri pou kounyeya. Lè mwen te revni nan mwen menm, mwen te jwenn mwen kouche sou do, ap gade syèl la. Lè limyè a te disparèt, mwen pa t gen fòs ankò; men lamenm mwen te reprann mwen nan yon sans, mwen te rantre lakay mwen.

Pèsekisyon

Joseph te obeyi Bondye epi li pa t antre nan okenn nan legliz ki te genyen yo. Pandan li t ap rakonte moun sa li te wè ak tandè, li te kòmanse fè eksperyans opozisyon ak pèsekisyon.

Lamenm mwen te reyalize ke rakonte istwa m nan te souleve anpil nuizans kont mwen nan mitan pwofesè relijyon yo, epi sete rezon gwo pèsekisyon ki te kontinye ap ogmante; epi malgre mwen te yon ti gason enkonni, ant katòz ak kenzan sèlman, epi sityasyon lavi mwen t ap viv te rann mwen yon ti gason san enpòtans pou mond lan, malgre sa, gwo potanta te tèlman remake mwen ke yo te souleve opinyon piblik la kont mwen, epi yo te kreye yon pèsekisyon amè; epi sete nan mitan tout sèk yo nèt—yo tout te mete tèt yo ansanm pou pèsekite mwen.

Sa te pòte m reflechi anpil lè sa a, epi souvan depi lè sa a, pou m te wè kijan sa te etranj pou yon ti gason enkonni— ki gen yon ti kras plis pase katòzan, epi tou, ki te kondane nan nesosite pou l chèche lavi li nan travay di chak jou — te vin sitèlman enpòtan pou l atire atansyon gwo chabrak nan sèk relijye ki te pi popilè yo nan moman an, epi nan yon fason pou kreye nan yo yon espri pèsekisyon ak avilisman vyolan anpil. Men etranj ou pa, sete konsa sa te ye, epi sa te souvan ban mwen gwo chagren.

Sepandan, li te rete yon verite ke mwen te fè yon vizyon. Depi lè sa a, mwen vin panse ke, siman mwen te santi prèske menm bagay avèk Pòl lè li t ap defann tèt li devan Wa Agripa, epi rakonte resi vizyon li te fè a lè li te wè yon limyè, epi li te tande yon vwa; men se yon ti kras moun ki te kwè li; gen moun ki te di li se yon malonèt; gen moun ki te di li fou; epi yo te pase l nan betiz epi avili l. Men tout bagay sa yo pa t detwi reyalite vizyon l lan. Li te fè yon vizyon, li te konnen sa, tout pèsekisyon anba syèl la pa t ap kapab fè sa chanje; epi menmsi yo ta pèsekite li rive nan lanmò, li rete konnen sa, epi l ap toujou konnen sa jis nan dènye souf li, ke li te wè yon limyè epi li te tande yon vwa ki te pale avèk li, epi pa gen anyen nan tout mond lan ki ta ka fè l panse ni kwè otreman.

Se te konsa sa te ye pou mwen. Mwen te reyèlman wè yon limyè, epi nan mitan limyè sa a mwen te wè de Pèsonaj, epi yo te reyèlman pale avèk mwen; epi menmsi yo rayi mwen epi pèsekite mwen paske mwen di mwen te fè yon vizyon, se te laverite; epi pandan yo t ap pèsekite mwen, avili mwen, epi di tout vye bagay mal kont mwen paske mwen te di

sa, sa te pòte m di nan kè mwen: Poukisa y ap pèsekite mwen paske m di laverite? Mwen te fè yon vizyon; epi kiyès mwen ye pou m opoze

Mwen te fè yon vizyon; mwen te konnen sa, epi mwen te konnen Bondye te konnen sa, epi mwen pa ta ka nye li, ni mwen pa ta ka oze fè sa.

m avèk Bondye, oubyen poukisa mond lan panse yo ka fè m nye sa mwen te reyèlman wè a? Paske mwen te fè yon vizyon; mwen te konnen sa, epi mwen te konnen Bondye te konnen sa, epi mwen pa ta ka nye li, ni mwen pa ta ka oze fè sa; paske mwen te konnen si m te fè sa, mwen t ap ofanse Bondye, epi mwen t ap tonbe anba kondanasyon.

Kounyeya lespri mwen te klè nan sa ki konsène sèk relijye yo — mwen pa t gen pou mwen antre nan okenn nan yo, men mwen te dwe kontinye janm te ye a jistan mwen jwenn lòt enstriksyon. Mwen te dekouvri ke temwayaj Jak la te vrè—si yon moun manke konesans li dwe mande Bondye, epi l ap jwenn, epi san repwòch.

Mwen te kontinye aktivite òdinè mwen nan lavi a jis 21 septanm 1823, pandan mwen te toujou ap sibi gwo pèsekisyon ki te soti nan tout klas moun, alafwa relijye ak nonrelijye, paske mwen te kontinye ap di mwen te fè yon vizyon.

Pandan tan ki te pase ant lè mwen te fè vizyon an ak lane 1823 a—anba entèdiksyon pou m antre nan okenn sèk relijye nan moman an, epi nan laj timoun, epi paske mwen te pèsekite pa moun ki ta sipoze zanmi mwen, ki ta dwe trete m avèk jantiyès, epi si yo te sipoze mwen deloryòm, ki ta dwe ankadre mwen yon

fason apwopriye ak janti pou korije mwen— mwen te ekspoze ak tout tantasyon; melanje avèk tout kalite moun, mwen te souvan santi m tonbe nan vye erè, epi manifeste feblès jèn moun, ak enpèfeksyon ki nan nati lòm; mwen regrèt pou m di, sa te fèm tonbe nan plizyè tantasyon, ki pa te bon devan je Bondye. Pandan m ap fè konfesyon sa a, pèsonn pa bezwen panse mwen koupab pou okenn gwo vye peche. Tandans pou aji konsa pa janm te nan nati pa mwen.

Vizit Mowoni an

Pèsekisyon an te kontinye pandan ke Joseph te refize nye ke li te wè Bondye. Nan dat 21 septanm 1823, apre li te fin kouche nan kabann li, Joseph te priye pou l te konnen sityasyon li devan Bondye. Anj Mowoni te parèt devan li.



Twazan apre Premye Vizyon Joseph Smith la, Bondye te voye Anj Mowoni pou enstwi li sou retablisman levanjil Jezikri a.

Nan jou swa dat ki mansyone pi wo a, 21 septanm, apre mwen te fin kouche nan kabann mwen pou nuit la, mwen te antre nan lapriyè ak siplikasyon devan Bondye Toupuisan an pou padon tout peche ak foli mwen yo, epi pou yon siy pou mwen tou, pou m te ka konnen eta m ak pozisyon m devan li; paske mwen te gen asirans ke mwen t ap jwenn yon siy divin, jan mwen te jwenn anvan an.

Pandan mwen te okipe ap priye Bondye, mwen te dekouvri yon limyè ki te parèt nan chanm nan, ki te kontinye ap ogmante jistan chanm nan te pi klere pase amidi, yon pèsonaj te parèt imedyatman bò kabann mwen, sispann anlè, paske pye li pa t touche tè.

Li te genyen yon wòb laj pi blan pase tout koulè blan. Li te pi blan pase tout bagay terès mwen te janm wè; ni mwen pa kwè gen okenn bagay tèrès ki ta kapab vin blan ni briyan konsa. Men li pa t kouvri, ni bra li jis pi wo ponyèt li; konsa pye li pa t kouvri, ni janm li jis pi wo jepyè li. Tèt li ak kou li te dekouvri. Mwen te ka dekouvri ke li pa te genyen lòt rad sou li sof wòb sa, konsa mwen te ka wè lestomak li.

Non sèlman wòb li te blan anpil, men tout limenm te gloriye depase tout deskripsyon, epi vizaj li te reyèlman tankou zeklè. Chanm nan te klere anpil, men alantou li te pi klere. Lè m te fè k gade li, mwen te pè; men laperèz la te ale byen vit.

Li te rele m pa non mwen epi li te di m li se yon mesaj Bondye voye soti nan prezans li pou vin kote mwen, epi non li se Mowoni; ke Bondye gen yon travay pou l banm fè; epi ke non mwen pral gaye an byen ak an mal nan mitan tout nasyon, tout peyi, ak tout lang, oubyen yo pral pale byen ak mal sou mwen nan mitan tou pèp.

Li te di te genyen yon liv byen sere yon kote, ki ekri sou plak lò, ki rakonte istwa ansyen abitan kontinan sa a ak sous kote yo soti. Li te di m tou ke plenitid levanjil etènèl la nan liv sa a, jan Sovè a te bay ansyen abitan sa yo li.

Te genyen tou de wòch ki te nan yon ak an ajan—wòch sa yo, tache nan yon boukliye, fòme sa nou rele Ourim ak Toumim —ki te depoze avèk plak yo; epi posesyon ak itilizasyon wòch sa yo se sa ki te fè “vwayan yo” nan tan lontan; epi Bondye te prepare yo pou pèmèt tradiksyon liv la.

Apre li te fin di m bagay sa yo, li te kòmanse site pwofesi Ansyen Testaman yo. Li te site dabò yon pati nan twazyèm chapit Malachi a; epi li te site tou katriyèm oubyen dènye chapit nan menm pwofesi a, men avèk yon



Nan lane 421 apre Jezikri pwofèt Mowoni te antere anal sakre pèp li a nan Kolin Kimora. Li te retounen nan apre antanke èt resisite, li te pale Joseph Smith sou anal ansyen yo, ki gen plenitid levanjil la jan Sovè a te bay ansyen abitan kontinan Amerik yo li. Anal sa a se Liv Mòmou an.

ti varyasyon de sa nou li nan liv nou yo. Olye l te site senkyèm vèsè a jan li ye nan B iv la, li te site l konsa:

“Paske gade! Jou a rive kote li pral fè cho anpil tankou nan yon fou. Tout awogan yo ansanm avèk tout mechan yo pral kankannen tankou pay sèch; paske jou pou yo kankannen an pral rive, se Seyè tout Lame yo ki di sa, epi li pap kite ni rasin, ni branch pou yo.”

Epi ankò, li te site senkyèm vèsè a konsa: “Gade, m ap revele Prètriz mwen an pou nou pa men Eli, pwofèt la, anvan jou Letènèl la rive, gwo jou terib sa a.

Epi li te site vèsè apre a yon lòt jan tou: “Epi li pral plante nan kè pitit yo pwomès yo te fè papa yo, epi kè pitit yo pral tounen jwenn papa yo. Si se pa sa, tout tè a ap detwi nèt lè l vini.”

Anplis sa, li te site onzyèm chapit Ezayi a, ke li te di ki te prèske akonpli. Li te site twazyèm chapit Ak Apot yo (Travay) tou, vèsè vennde ak venntwa, egzaktman jan li ye nan Nouvo Testaman an. Li te di ke pwofèt la sete Kris la; men jou kote moun ki pa tande vwa l yo ap separe soti nan mitan pèp Bondye a pa t ko rive, men li t ap rive byen vit.

Li te site dezyèm chapit Jowèl la tou, soti nan vèsè ventuit rive jis nan dènye a. Li te di tou li pa t ko akonpli, men sa te prèske fèt. Epi pi lwen li te deklare ke moman an ap rive byen vit kote Janti yo ap resevwa plenitid levanjil la. Li te site anpil lòt pasaj ekriti, epi li te bay anpil eksplikasyon ki pa kapab mansyone la.

Li te di mwen ankò, ke lè mwen resevwa plak sa yo li t ap pale a—paske moman an poko rive pou m resevwa yo—mwen pa dwe montre pèsoun yo; ni pektoral la ni Ourim ak Toumim nan; sèlman moun y ap kòmande m pou m montre yo; si

mwen pa suiv sa l di a m ap detwi. Pandan l t ap pale avèk mwen sou plak yo, yon vizyon te louvri nan lespri mwen konsa mwen te ka wè kote plak

Vizyon an te louvri nan lespri mwen konsa mwen te ka wè kote plak yo te depoze a.

yo te depoze a, epi sa te si klè ke mwen te vin rekonèt kote a tousuit lè m t al vizite l.

Aprè mesaj sa, mwen te wè limyè nan chanm lan kòmmanse rasanble imedyatman toutotou pèsonaj la ki t ap pale avèk mwen an, epi sa te kontinye fèt jistan

chanm nan te vin retounen nan fènwa, sof nan zòn kote l te ye a; epi lè sa, mwen te wè imedyatman sa ki te sanble yon pasaj ki te louvri dirèkteman al nan syèl la; epi li te monte jistan li te disparèt nèt, epi chanm lan te vin retounen jan l te ye anvan limyè ki sot nan syèl sa a te chanje aparans li.

Mwen te rete kouche ap reflechi sou eksperyans etranj sa, epi mwen te etone anpil pou sa mesaj ekstrasidènik sa a te di m yo; epi, nan mitan meditasyon mwen, mwen te dekouvri toudenkou ke chanm nan te rekòmanse ap klere ankò, epi, yon ti moman apre, tankou anvan an, menm mesaj selès la te kanpe bò kabann mwen ankò.

Li te kòmmanse, epi li te relate menm bagay li te di m nan premye vizit la, san okenn varyasyon; epi lè l te fini, li te anonse mwen gwo jijman ki gen pou vin sou latè, avèk gwo dezolasyon pa grangou, zam, ak lapès; ke gwo jijman penib sa yo ap vin sou latè a nan jenerasyon sa a menm. Apre li te fin relate bagay sa yo, li te monte ankò jan l te fè l anvan an.

Nan moman sa, li te sitèlman fè yon gwo enpresyon nan lespri mwen, ke tout dòmni nan je mwen te ale, epi mwen te rete kouche avèk etònman pou sa m te wè epi tandè pandan de fwa yo. Men etònman m te pi gran ankò lè m te wè menm mesaj sa ankò bò kabann mwen, epi tandè l repete oubyen reprann menm bagay yo tankou anvan; epi li te ajoute yon avètisman pou mwen, li te di ke Satan pral eseye tante mwen (paske mwen t ap viv nan lamizè nan fanmi papa m) pou m pran plak yo nan bi pou m ka vin rich. Li te defann mwen fè sa, li te di ke mwen pa ta dwe gen lòt bagay nan tèt mwen lè yo ban m plak sa yo ke glorifye Bondye, epi



Kolin Kimora a sitiye nan apeprè twa kilomèt nan Sidès fèm fanmi Smith la nan Palmira, Nouyòk. Nan tan Joseph Smith la pati Nò a te kouvri avèk zèb, Sid la avèk pyebwa gaye ak forè. Plak yo te antere nan bò Sidwès la, pa lwen tèt la. Foto: Out 1907.

mwen pa dwe kite m enfluyansè pa okenn lòt motif ke bati wayòm Bondye a; san sa mwen pap ka resevwa yo.

Aprè twazyèm vizit sa a, li te tounen monte nan syèl la menmjan ak anvan, epi mwen te rete kontinye ap medite ankò sou jan eksperyans mwen te fè a te etranj; epi tousuit apre mesaj selès la te fin ale pou twazyèm fwa a, kòk te chante, epi mwen te wè li te prèske jou, kidonk pale nou yo te dire tout lannuit lan.

Byen vit apre mwen te leve, epi, kòm dabitid, mwen te al fè travay obligatwa chak jou yo; men, kontrèman ak lòt fwa yo, mwen te santi

fòs mwen te febli epi mwen te sitèlman fatige ke sa te rann mwen pa t ka fè anyen. Papa mwen, ki t ap travay avèk mwen, te wè mwen te yon ti jan pa twò byen, konsa li te di mwen pou m tounen lakay. Mwen te derape nan entansyon



Mowoni te retounen yon fwa pa ane pandan katran epi li te enstwi jèn Pwofèt la. Apre katran, Joseph te resevwa plak yo epi li te kòmanse tradui Liv Mòmòn an.

pou m te ale nan kay la; men, pandan m t ap eseye janbe lantouraj jaden kote nou te ye a, fòs mwen te febli nèt, epi mwen te tonbe atè a enpuisan, epi pandan yon ti moman mwen te pèdi konesans.

Premye bagay mwen te raple mwen sete yon vwa ki t ap pale avèk mwen, ki te rele m pa non mwen. Mwen te leve tèt mwen, epi mwen te wè menm mesaje a ki te kanpe anlè tèt mwen, ki te antoure avèk limyè menmjan ak anvan. Epi ankò li te repete m tout sa l te di m nan nuit la yo, epi li te kòmande m pou m retounen

al jwenn papa m epi rakonte l vizyon an ak kòmandman mwen te resevwa yo.

Mwen te obeyi; mwen te retounen kote papa m nan jaden an, epi mwen te rakonte l tout bagay. Li te reponn mwen sa te soti kot Bondye, epi li te di m pou m ale epi fè jan mesaje a te kòmande m nan. Mwen te kite jaden an, epi mwen te ale kote mesaje a te di m plak yo te depoze a; epi gras ak klète vizyon mwen te fè sou kote sa a, mwen te rekonèt li kou m te rive.

Anal sakre a

Tou pre vilaj Manchestè nan depatman Ontaryo, Nouyòk, gen yon kolin ki gran anpil, epi ki pi wo pase tout lòt yo nan vwazinaj la. Nan bò lwès kolin sa a, pa lwen tèt la, anba yon gwo gwo wòch byen laj, plak yo te byen la, depoze nan yon bwat an wòch. Gwo wòch laj sa a te epè epi awondi nan mitan bò anlè a, men arebò yo te pi mens, konsa pati mitan an te vizib anlè tè a, men arebò yo te kouvri avèk tè.

Lè m te fin retire tè yo, mwen te chèche yon levye mwen te fikse anba pwent wòch la, epi avèk yon ti presyon mwen te leve l. Mwen te gade andedan l epi mwen te wè plak yo, Ourim ak Toumim nan, ak pektoral la, jan mesaje a te di a. Bwat la yo te ye a te fèt avèk wòch ki te kole ansanm avèk yon bagay tankou siman. Nan fon bwat la de wòch te kouche antravè epi sou wòch sa yo plak yo te kouche ak lòt bagay avèk yo.

Mwen te fè tantativ pou retire yo men mesaje a te defann mwen fè sa, epi li te raple m ankò ke lè pou yo parèt la pa t ko rive, ni li pa t ap rive pazavan katran apati moman sa a; men li te di mwen ta dwe vini kote sa egzaktman nan ennan apati moman sa, epi li t ap rankontre

mwen la, epi mwen t ap bezwen kontinye fè sa jistan moman an te rive pou resevwa plak yo.

Konsa, jan l te kòmande m nan, mwen te ale alafen chak ane, epi chak fwa mwen te rankontre menm mesaje a , epi nan chak rankont, mwen te resevwa enstriksyon ak konesans nan men li konsènan sa Senyè a ta

*Nan bò Lwès
kolin sa, pa
lwen tèt la,
anba yon gwo
gwo wòch byen
laj, plak yo
te byen la,
depoze nan yon
bwat an wòch.*

pral fè a, epi sou kijan ak ki fason wayòm li an dwe dirije nan dènye jou yo.

Kòm sitiyasyon ekonimik papa m te limite anpil, nou te konn oblije travay di avèk men nou, lwe tèt nou pa jou oubyen lòt jan, selon sa nou te ka jwenn. Pafwa nou te rete lakay, men pafwa tou

nou te deyò lwen lakay, epi nan travay konsa, nou te vin kapab gen yon ti kras konfò pou nou viv.

Joseph te fè anpil djòb epi li te bay fanmi l mwayen konfòtab pou yo te viv. Nan lane 1825 li te jwenn yon djòb nan Depatman Chenango, Nouyòk. Epi la li te rankontre Ema Hale, ki te marye avèk li jou 18 Janvyè 1827.

Finalman moman an te rive pou m te resevwa plak yo, Ourim ak Toumim nan, ak pektoral la. Jou ki te 22 Septanm 1827, mwen te ale, kòm dabitid nan fen ane a, kote plak yo te depoze a, epi menm mesaje selès la te remèt mwen yo avèk rekòmandasyon sa : ke mwen gen responsablite yo, si m pèdi yo pa mank swen oubyen pa neglijan, mwen t ap chatye; men si m fè tout efò mwen pou m prezève yo

jistan li menm, mesaje a, li vini reprann yo, y ap pwoteje.

Mwen te vin wè byen vit pou ki rezon mwen te resevwa gwo rekòmandasyon estrik sa pou m te kenbe yo an sekirite a, epi poukisa mesaje a te di m ke lè m te fin fè sa m te gen pou m fè a, li t ap vini reprann yo a. Paske, osito yo te vin konnen mwen te genyen yo, moun te deplwaye tout efò ki genyen pou yo te vòlè yo. Yo te itilize tout riz yo te kapab envante nan bi sa. Pèsekisyon an te vin pi vyolan epi pi anmè pase jan l te ye anvan, epi pil pakèt moun te toujou ap veye pou yo pran yo osito yo te jwenn okazyon. Men gras ak sajès Bondye, yo te rete an sekirite nan men mwen, jistan mwen te akonpli avèk yo tout sa mwen te gen pou akonpli yo. Lè, dapre aranjman an, mesaje a te vini reprann yo, mwen te remèt li yo; epi se li menm ki anchaje yo jis jodi a, 2 Me 1838....

Jou ki te 5 Avril 1829, Oliver Cowdery te vin lakay mwen. Mwen pa te janm konnen li anvan, mwen pa t janm te konn wè li jis rive nan moman sa a. Li te di mwen ke akòz li te pwofesè nan yon lekòl nan vwazinaj kote papa m te rete a, epi papa m sete youn nan moun ki te voye timoun nan lekòl la, li te an pansyon lakay papa m pandan yon sezon epi konsa pandan li te la, fanmi an te rakonte li nan ki sikonstans mwen te resevwa plak yo, konsa, li vini pou l poze m kesyon sou yo.

De jou apre li te rive (ki te 7 Avril) mwen te kòmanse tradui Liv Mòmmon an, epi li te vin kòmanse ekri pou mwen.

Nan mwa Avril 1829 Joseph Smith, ak Oliver Cowdery kòm grefye, te kòmanse tradui Liv Mòmmon an pa don ak pouvwa Bondye. Apre Joseph te fini, te gen lòt moun ki te gen privilèj pou yo te wè plak lò

yo. Temwen sa yo ekri temwayaj pa yo tou, paske “tout bagay va regle sou depozisyon de oubyen twa temwen” (2 Korentyen 13:1).


Prètriz la retabli

Nou te kontinye travay tradiksyon an, epi, nan mwa apre a (Me 1829), yon jou, nou te ale nan forè a pou nou te priye epi poze Senyè a kesyon konsènan batèm pou remisyon peche nou te jwenn ki mansyone nan plak yo. Pandan nou te okipe ap priye, epi enplore Senyè a, yon mesaj te soti nan syèl la, li te desann nan yon nyaj limyè, epi li te poze men li sou tèt nou, epi li te òdone nou, li te di:

“A nou menm konpayon sèvis mwen, nan non Mesi a, mwen konfere Prètriz Aawon an, ki gen kle ministè zanj yo, ak levanjil repantans



Joseph Smith ak Oliver Cowdery te resevwa Prètriz Aawon an pa enpozisyon men nan men Jan Batis jou ki te 15 Me 1829.



Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo te òganize nan kay Peter Whitmer Pi gran an jou ki te 6 Avril 1830. Prèske 60 moun te temwen pandan 6 mesye te ranpli fòmalitye pou tabli yon nouvo relijyon nan Nouyòk.

la, ak batèm pa imèsyon pou remisyon peche yo; epi Prètriz sa a pap janm soti sou latè ankò jistan Pitit Gason Levi yo ofri yon ofrann bay Senyè a ankò nan lajistis.”


Li te di Prètriz Aawon sa pa gen pouvwa pou mete men sou tèt pou bay Don Sentespri a, men y ap konfere nou pouvwa sa apre; epi li te kòmande nou pou nou te ale epi batize, epi li te ba nou direksyon pou m te batize Oliver Cowdery anvan, epi apre sa pou Oliver te batize mwen.

Konsa, jan l te di nou an, nou te ale epi nou te batize. Mwen te batize Oliver an premye epi apre sa Oliver te batize mwen—apre sa mwen te mete men sou tèt li epi mwen te òdone l nan Prètriz Aawon an, epi apre li menm tou li te mete men sou tèt pa mwen epi li te òdone m nan menm Prètriz la—paske se sa yo te kòmande nou pou nou fè.

Mesaje a ki te vizite nou nan okazyon sa a epi konfere nou Prètriz sa, te di non li sete Jan, menm moun ki rele Jan Batis nan Nouvo Testaman an, epi li te di nou li t ap aji sou direksyon Pyè, Jak ak Jan, ki gen kle Prètriz Mèlkisedèk la, ke y ap konfere nou nan moman


apwopriye a, epi ke mwen dwe rele premye Ansyen legliz la, epi Oliver Cowdery dezyèm ansyen. Sete jou ki te 15 Me 1829 nou te òdone anba men mesaje sa epi batize.

Imedyatman nou te soti nan dlo a apre nou te fin batize, nou te resevwa gwo benediksyon gloriye nan men Papa nou ki nan Syèl la. Apèn mwen te fin batize Oliver Cowdery, Sentespri a te desann sou li, epi li te kanpe epi li te pwofetize anpil bagay ki te gen pou rive nan yon ti tan byen kout. Epi ankò, lamenn li te fin batize mwen, mwen menm tou mwen te gen lespri pwofesi a, kote, mwen te kanpe, epi mwen te pwofetize konsènan aparisyon legliz sa ak anpil lòt bagay ki konekte avèk legliz la, epi ak jenerasyon pitit lèzòm sa a. Nou te ranpli avèk Sentespri a epi nou te rejwi nou nan Bondye Sali nou an.



Sa se temwayaj senp, dirèk Joseph Smith te bay, ki rakonte kèk nan evènman ki te mennen nan Retablisman levanjil la ak fondasyon Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

Pou yon resi pi konplè konsènan istwa Joseph Smith la, gade Joseph Smith–Histoire nan liv ‘Perle de Grand Prix’ a oubyen ‘Histoire de l’Eglise’, 1:2–79.



Liv Mòmòn an, ki te enprime pou premye fwa nan lane 1830, pibliye kounyeya nan plis pase 80 lang nan tout mond lan.